



Fason pou Mande yon Konferans konsilyasyon

Lè pou w mande yon Konferans konsilyasyon

Si avi ou a di ou gen dwa pou konteste fòmèlman, ou ka mande yon konferans konsilyasyon pou konteste avi sa a, **nan delè yo presize a**, avèk Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an (Bureau of Conciliation and Mediation Services). Aksyon Depatman Taks la ou ka konteste fason sa a gen ladan:

- sèten bòdwo taks;
- refi reklamasyon pou ranbousman; ak
- refi, revokasyon, oswa sispansyon yon sètifika lisans, enskripsyon, oswa egzansyon

Kijan yon konferans konsilyasyon mache?

Yon konferans konsilyasyon se yon fason pi rapid ak pi bon mache pou rezoud pwoblèm san yon odyans fòmèl. Men kijan li mache:

- Ou ka prezante nan konferans la, oswa nome yon reprezante pou prezante pou ou. Si ou nome yon reprezantan, ou dwe depoze yon fòm pwokirasyon, tankou Fòm POA-1, *Power of Attorney (Pwokirasyon)*, oswa Fòm ET-14, *Estate Tax Power of Attorney (Pwokirasyon pou Eritaj Fiskal)*, sou sitwèb nou an.
- Yon medyatè nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an pral dirije konferans la. Yon reprezantan depatman an pral patisipe pou eksplike pozisyon depatman an. Medyatè a pral egzaminen prèv toude bò yo prezante epi li pral eseye rezoud pwoblèm nan.
- Apre konferans la, medyatè a pral voye yon rezolisyon pwopoze sou fòm yon *Konsantman*.
- Si ou dakò ak *Konsantman* an, ou ka siyen li epi retounen li bay medyatè a nan yon delè 15 jou pou montre ou aksepte li. Sa pral tou mete yon fen nan kontestasyon fòmèl la.
- Si ou pa dakò ak *Konsantman* an, medyatè a pral bay yon *Lòd Konsilyasyon*. Ou menm ak depatman an oblije respekte sa ki nan lòd la, amwenske ou depoze yon petisyon pou yon odyans ak Depatman Kontestasyon Fiskal la.

Fason pou w mande yon konferans konsilyasyon

1. Sou entènèt—fason ki pi rapid ak pi fasil pou mande yon konferans
 - Konekte sou kont ou oswa kreye yon kotn Sèvis sou Entènèt (nan www.tax.ny.gov).
 - Chwazi *Respond to department notice* (Reponn avi Depatman an) anba Services (sèvis) sou lamèn dwat.
 - Mete avi ou a bò kote w epi mete enfòmasyon yo mande w pou fè demann ou a.

2. Fòm sou papye

Si ou pa vle reponn sou entènèt, ranpli *Fòm CMS-1-MN, Request for Conciliation Conference (Demann pou Konferans konsilyasyon)*, epi voye li pa faks bay 518-435-8554. Si ou pito, ou ka voye Fòm CMS-1-MN pa lapòs oswa alamen nan adrès ki anba a. Nou rekòmande ou voye kourye sètifye oswa anrjistre, paske sa pral pèmèt ou pwouve ou te depoze demann ou an a tan.

FAKS: 518-435-8554 (prefere)

Lapòs: NYS TAX DEPARTMENT
BUREAU OF CONCILIATION AND MEDIATION SERVICES
W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0918



Kèlkeswa fason ou mande yon konferans, voye tout dokiman prèy ki nesesè pou kore pozisyon ou. Pa bliye mete tout bagay sa yo:

- yon kopi avi w ap konteste a,
- yon fòm pwokirasyon ki ranpli kòrèkteman (si w ap nome yon moun pou prezante pou ou) ak
- nenpòt lòt dokiman ou santi ap enpòtan pou kontestasyon ou a..